

## **BAB I**

### **BUBUKA**

#### **1.1 Kasang Tukang Masalah**

Basa téh mangrupa salah sahiji pakakas anu dipaké ku manusa dina hirup kumbuhna. Lantaran dina hirup kumbuh sapopoéna manusa moal lepas tina basa. Ieu basa téh miboga pungsi anu penting pisan pikeun nepikeun maksud, tujuan, jeung emosi ku cara ngedalkeun pikiran, gagasan, jeung kahayangna boh éta sacara lisan boh tulisan. Rasa, pikiran, katut kahayang anu diébréhkeun bisa ngawujud hiji karya anu mibanda ajén.

Lian ti pikeun ngedalkeun pikiran gagasan jeung kahayang, basa ogé miboga pungsi pikeun ngébréhkeun éksprési jiwa ngaliwatan karya sastra boh lisan boh tulisan. Ieu hal téh luyu jeung pungsi basa salaku pungsi imajinatif. Sakumaha anu diébréhkeun ku Sudaryat (2005:36):

Pungsi imajinatif nya éta pungsi basa anu raket patalina jeung amanat atawa pesen omongan minangka makéna basa anu nimbulkeun rasa éndah, tujuanana ngarah meunang kasugemaan batin, biasana mangrupa hasil pangalaman jiwa pamaké basa tur diréalisasikeun dina wangan karya sastra.

Ku kituna, salah sahiji poténsi éstétis nu dipibanda ku basa téh nya éta rakitan basa atawa kalimah anu dipaké sangkan nimbulkeun pangaruh atawa éfék anu leleb. Éta poténsi éstétis téh karasana ku nu maca atawa ku nu ngadéngékeun téh nya éta ku jalan ngabandingkeun hiji barang jerung barang séjén.

Basa ogé bisa dipaké salaku alat pikeun ngahontal ajén-ajén éstétis dina karya sastra. Contona waé bisa mangrupa gaya basa, pakeman basa, purwakanti

jeung sajabana. Dina karya sastra lain ngan saukur basa anu utama, tangtu waéaya hal séjén anu dipakéna, tangtu waé eusi ogé gumulung dina ngawujudkeunajén-ajén éstétis dina karya.

Karya sastra ogé mangrupa bagian tina seni, saluyu jeung nu diébréhkeunku Sumarjo jeung Saini K.M, yén sastra téh lain élmu tapi seni (1991:1). Saperti hasil seni, dina umumna karya sastra téh mibanda unsur kaéndahan anu ngaragemajén éstétis, ajén moral, ajén atikan jeung ajén konséptual. Anu ahirna éta ajén téhbisa nimbulkeun rasa kagagas, kataji, éndah, resep, ni'mat, sarta rasa lianna nupatali jeung kasugemaan ka nu maca.

Sastra téh asalna tina basa sansekerta anu hartina buku pangajaran; élmu pangaweruh; naskah; buku-buku suci. Kiwari, éta harti téh jadi ngaheureutan. Anukiwari mah disebut sastra nya éta karya seni anu digelarkeunana ngagunakeun alat basa boh lisan boh tulisan. Dina harti séjén yén sastra téh nya éta basa atawa tulisan nu éndah, élmu atawa kabinangkitan ngaréka basa.

Ditilik tina wangu, karya sastra Sunda dibagi jadi tilu golongan, nyaéta: 1) puisi atawa wangun ugeran; 2) prosa atawa wangun lancaran; jeung 3) drama atawa wangun guneman. Anu satulunya puisi Sunda téh dipasing-pasing jadi dua golongan dumasar kana waktu gumelarna, nyaéta puisi buhun jeung puisimodern.

Iskandarwassid (1992: 114) nétlaken yén puisi téh nya éta wanda wangunkarangan anu rakitanana biasana mah pinuh ku wirahma, kauger ku wanguanjeung ku diksina, lain dina ungkara kalimah cara dina basa sapopoé atawa carawangun prosa.

Kaayaan puisi Sunda téh réa rupana, aya anu kagolong kana puisi heubeul (buhun, tradisional) jeung aya anu kagolong kana puisi anyar (*modern*). Puisi buhun dumasar kana eusina kabagi jadi dua, nya éta aya nu ngawujud carita, hartina téksna dina wangun puisi tapi eusina ngawujud carita, naratif, kyaning carita pantun jeung wawacan, ogé aya nu henteu ngawujud carita nya éta mantra (rajab, singlar, asihan, jampé, jangjawakan, ajian), sisindiran (paparikan, rarakiran, wawangsalan), kakawihan, sair (pupujian, sawér), jeung pupuh (dangding jeung guguritan). Sedengkeun puisi anyar (*modern*) ngawengku carita pondok, sajak, novel, jeung drama, anu kiwari pangproduktipna (Isnendes, 2008:17).

Puisi disebut ogé karangan dina wangun ugeran. Ku kituna, sisindiran ogé disebut wangun ugeran lantaran kauger ku wangunna jeung kyaning pilihan dina kecapna, gabungan kecap, ungkara kalimah, jung sajabana. Upamana waé, aya patokan-patokan dina sapadana jeung purwakanti tur biasana rakitanana leubeut ku wirahma.

Dina kahirupan masarakat Sunda, anu disebut sisindiran téh nya éta puisi Sunda anu kauger ku cangkang jeung eusi, wirahmana dijaga dina ‘papasingan’ sora boh dina cangkang boh dina eusi. Numutkeun Salmun (1958: 51), sisindiran téh nya éta kasenian ngaréka basa anu diwangun ku cangkang jeung eusi pikeun ngedalkeun maksud anu henteu saceplakna bari dipamrih karesmianana. Sedengkeun numutkeun (Tamsyah, 1966:25), sisindiran téh asalna tina kécap *sindir* anu ngandung harti omongan atawa caritaan anu dibalibirkeun tur henteu

togmol. Lantaran kolot baheula mah boga kabiasaan lamun nyarita téh tara diceplakpahangkeun.

Ku kituna, sisindiran nu mangrupa bagian tina sastra téh miboga unsur éstétis pikeun hiburan ogé pikeun atikan anu hadé. Lantaran dina sisindiran aya ajén-ajén anu hadé pikeun atikan dina kahirupan sapopoé. Malahan komo deui pikeun urang Sunda mah ieu sisindiran téh mangrupa budaya katut sastra buhun anu kudu dimumulé lantaran miboga ajén budaya anu gedé. Lian ti éta, biasana ieu sisindiran téh ku kolot baheula mah sok dipaké dina mangsa caang bulan, mangsa aya riungan, mangsa nganteran, mangsa panén, atawa keur dibuat ngala paré. Ieu sisindiran téh populér pisan di masarakat Sunda mah lantaran resiprokatif (silih bales).

Lian ti éta, sisindiran ogé ngandung papatah-papatah anu bisa dijadikeun pikeun cecekelan dina kahirupan sapopoé. Lantaran dina eusi éta sisindiran nyangkuruk perkara silih asih jeung papatah anu kacida pentingna pikeun kahirupan sapopoé.

Kiwari, sisindiran masih kénéh subur kahirupanana, upamana waé dina pintonan-pintonan saperti dina wayang anu sok dikawihkeun ku sindén, boh dina calung boh dina réog jeung sajabana. Mimiti gelarna sisindiran téh nya éta dina naskah *Sanghyang Siksa Kandang Karesian*, anu réngsé ditulis dina taun 1518, dina Ruhaliah (2000: 81) disebutkeun yén

...hayang nyaho di sakweh ning kawih ma: kawih bwatuha, kawih panjang, kawih lalanguan, kawih panyaram, kawih sisi(n)diran, kawih pangpeledan, bangbong kasو, pererane, porodeurih, kawih babahanan, kawih ba(ng)barongan, kawih tangtung, kawih sasa(m)batan, kawih igelan, sing sawatek kawih ma, paruguna tanya.

Tina éta cutatan kapanggih yén dina mangsa harita ogé sisindiran téh geuningan geus hirup, kaasupna kana wangun kawih, wangun seni sastra lain wangun sastra. Ku kituna, dina Wibisana dkk (2000: 431-493), ngasupkeun sisindiran téh kaasup kana wangun sastra lagu.

Sumebarna sisindiran téh lumangsung sacara lisan, upamana waé ti hiji jalma ka hiji jalma deui, ti guru ka murid, ti hiji kolot ka anakna, atawa ka incuna jeung saterusna. Ieu hal téh lumangsung dina proses guguru atawa ngawariskeun budaya karuhun sangkan tetep langgeng atawa henteu punah, tur bisa dimumulé jeung diparaké ku generasi panerusna.

Luyu jeung parobahan jaman sarta kamajuan téknologi, sisindiran nu asalna disumebarkeun ku sacara lisan nu turun-temurun téh, kiwari mah geus ditepikeun ngaliwatan media cetak saperti buku, majalah, jeung kalawarta. Sarta ngaliwatan média éléktronik saperti radio, tipi, jeung internét. Sok sanajan ayeuna mah sisindiran téh sumebarna global alatan téknologi anu leuwih canggih, tapi kanyataanana mah masarakat Sunda ayeuna loba anu teu wanoh kana tradisi jeung budayana sorangan upamana waé sisindiran, komo deui barudak rumajana mah. Malahan barudak SMP téh geus teu bisa nyieun sisindiran jeung geus jarang dipaké ulin dina kahirupan sapopoé. Ieu kaayaan anu samodél kieu téh teu bisa diantep kitu waé, urang ulah cicing-cicing waé, ulah api lain meungpeun carang, ieu mangrupa tangtangan keur urang sangkan milu néangan pikeun ngungkulan jeung méré tarékahna sangkan sisindiran bisa terus dimumulé.

Sisindiran kaasup kana puisi buhun anu kudu diraksa tur dipiara sangkan kahirupanna teu tumpur. Ku kituna, kudu ditarékahna sangkan ieu sisindiran

salawasna henteu leungit tur gumelar nepi ka iraha waé.Ka ayeunakeun, pamaréntah geus rada sigep kana pasualan kabudayaan anu aya di Indonesia, utamana di daerah Jawa Barat. Pamaréntah daerah geus nyieun kawijakan yén basa Sunda diwajibkeun jadi bahan pangajaran di tingkat sakolah ti mimiti SD satata nepi ka SMA satata, saluyu jeung Peraturan Daerah provinsi Jawa Barat No.5 taun 2003 anu ngébréhkeun yén: *Pemeliharaan bahasa, sastra, dan aksara daerah, yang menetapkan bahasa daerah, antara lain bahasa Sunda diajarkan di pendidikan dasar di Jawa Barat.*

Éta kawijakan anu di luhur téh luyu jeung UU No.22/1999 ngeunaan pamaréntah daerah jeung UU No.20/2003 ngeunaan Sistem Pendidikan Nasional anu sumberna tina UUD 1945 anu patula-patali jeung pendidikan jeung kabudayaan. Saluyu ogé jeung paraturan pamaréntah Republik Indonesia No.19 taun 2005 ngeunaan Standar Nasional Pendidikan. Bab III pasal 7 ayat 3-8, nu ngébréhkeun yén ti SD satata, SMP satata, jeung SMA satata dibéré pangajaran muatan lokal anu rélevan. Lian ti éta, luyu ogé jeung rékoméndasi ti UNESCO taun 1999 ngeunaan basa-basa indung nu aya di sakuliah dunya anu kudu dimumulé tur diriksa ku urang saréréa.

Ku kituna, panalungtikan ilmiah ngeunaan sisindiran ieu mangrupa salah sahiji tarékah pikeun ngungkulana. Ieu panalungtikan ngeunaan sisindiran kacida pentingna pikeun nambahann pangaweruh ngeunaan sastra Sunda hususna wangun sisindiran nu mangrupa warisan karuhun urang jeung mangrupa budaya anu gedé pisan ajénnna.

Panalungtikan ngeunaan sisindiran anu dilaksanakeun ku mahasiswa Jurusan Pendidikan Basa Sunda masih kénéh jarang tur can jero nganalisisna komo deui upama dipatalikeun jeung bahan pangajaran mah. Ku kituna, ieu panalungtikan nu judulna “Ajén Atikan dina Sisindiran nu Aya di Désa Parumasan Kacamatan Sodonghilir Kabupatén Tasikmalaya (pikeun Bahan Pangajaran Sastra Sunda di SMP)” perlu dilaksanakeun pikeun ngungkulan sangkan barudak SMP bisa nyieun sisindiran tur bisa mekarkeun deui sisindiran dina kahirupan sapopoéna, ogé pikeun bahan pangajaran sastra nya éta ku cara ngayakeun panalungtikan ngumpulkeun sisindiran nu aya di désa Parumasan, kacamatan Sodonghilir, kabupatén Tasikmalaya, pikeun nambahann pangajaran sastra hususna sisindiran, sangkan bahan pangajaran sisindiran téh henteu éta deui éta deui.

## **1.2 Masalah**

### **1.2.1 Watesan masalah**

Dumasar kana kasang tukang masalah di luhur, sisindiran téh kaasup salah sahiji karya sastra Sunda anu kacida pentingna, boh dina widang sastra, budaya, boh dina kahirupan sapopoé. Ku kituna, perlu diayakeun panalungtikan nu medar ngeunaan sisindiran. Sangkan panalungtikan ieu museur, masalahna diwatesanan nya éta ngadéskripsiun sisindiran, nganalisis ajén atikan sisindiran, jeung milih sisindiran nu aya di Désa Parumasan Kacamatan sodonghilir Kabupatén Tasikmalaya pikeun bahan pangajaran nulis sastra Sunda di SMP.

### **1.2.2 Rumusan Masalah Panalungtikan**

Rumusan masalah dina hiji panalungtikan kacida pentingna, sabab bakal jadi panangtu léngkah-léngkah saterusna. Ku kituna, sangkan masalah dina ieu panalungtikan jéntré, dipérélékeun dina wangu patalékan ieu di handap.

- 1) Sisindiran naon waé nu aya di Désa Parumasan Kacamatan Sodonghilir Kabupatén Tasikmalaya?
- 2) Ajén atikan naon waé nu aya dina téks sisindiran nu aya di Désa Parumasan Kacamatan Sodonghilir Kabupatén Tasikmalaya?
- 3) Sisindiran mana waé anu luyu pikeun bahan pangajaran nulis sastra Sunda di SMP?
- 4) Kumaha pungsi sisindiran di masarakat Sunda?
- 5) Kumaha bahan pangajaran nulis sisindiran di SMP?

### **1.3 Tujuan Panalungtikan**

Tujuan umum dina ieu panalungtikan nya éta hayang meunang gambaran luyu henteuna sisindiran nu aya di Désa Parumasan Kacamatan Sodonghilir Kabupatén Tasikmalaya pikeun bahan pangajaran sastra Sunda di SMP.

Sacara husus ieu panalungtikan téh miboga tujuan pikeun ngadéskripsiun sisindiran anu aya di Désa Parumasan Kacamatan Sodonghilir Kabupatén Tasimalaya. Déskripsina saperti nu ditétélakeun ieu di handap.

- 1) Ngadéskripsiun téks sisindiran nu aya di Désa Parumasan Kacamatan Sodonghilir Kabupatén Tasikmalaya;

- 2) Nganalisis ajén atikan naon waé anu aya dina téks sisindiran nu aya di Désa Parumasan Kacamatan Sodonghilir Kabupatén Tasikmalaya;
- 3) Bisa milih téks sisindiran nu luyu pikeun bahan pangajaran sastra Sunda di SMP;
- 4) Bisa nyaluyukeun antara bahan pangajaran jeung RPP.

## 1.4 Mangpaat Panalungtikan

### 1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis dina ieu panalungtikan nya éta bisa dijadikeun bahan pangajaran nu luyu jeung SKKD utamana dina nulis sastra dina wangu sisindiran.

### 1.4.2 Mangpaat Praktis

Salian ti mangpaat tioritis, ieu panalungtikan ogé bisa méré mangpaat praktis, saperti anu ditétélakeun ieu di handap.

- 1) Bisa méré nyaho ngeunaan sisindiran nu aya di Désa Parumasan Kacamatan Sodonghilir Kabupatén Tasikmalaya;
- 2) Bisa méré nyaho ajén atikan anu aya dina sisindiran nu aya di di Désa Parumasan Kacamatan Sodonghilir Kabupatén Tasikmalaya;
- 3) Bisa méré nyaho ngeunaan sisindiran nu aya di di Désa Parumasan Kacamatan Sodonghilir Kabupatén Tasikmalaya nu luyu pikeun bahan pangajaran sastra Sunda di SMP;
- 4) Bisa ngeuyeuban panalungtikan nu geus aya;

- 5) Sangkan barudak SMP bisa nyieun sisidiran jeung bisa ngamekarkeun dina kahirupan sapopoé.

### **1.5 Anggapan Dasar**

Anggapan dasar nyaéta sagala bebeneran, ngeunaan téori atawa pamanggih anu dijadikeun tatapakan dina panalungtikan. Sagala bebeneran, téori, jeung pamanggih anu dijadikeun dina cecekelan teu dipasualkeun deui bener atawa salahna. Dina prinsipna sagala rupa anu tadi téh bisa ditarima ku sakabéh pihak jeung kudu diuji deui (Suyatna, 2000: 7).

Anu jadi anggapan dasar dina ieu panalungtukan ébréh diantarana saperti anu ditétélakeun ieu di handap:

- 1) Sisindiran anu dikumpulkeun ti Désa Parumasan, Kacamatan Sodonghilar, Kabupaten Tasikmalaya, bisa dianalisis dumasar kana ajén atikanana;
- 2) Sisindiran mangrupa warisan budaya karuhun Sunda anu nepi ka kiwari masih kénéh nyampak tur dipaké ku sabagian masarakat Sunda, anu ngandung ajén-inajén anu luhung;
- 3) Sisindiran mangrupa sastra buhun katut budaya anu kudu dimumulé;
- 4) Sisindiran diajarkeun di SMP.

### **1.6 Métode jeung Téknik Panalungtikan**

#### **1.6.1 Métode**

Métode mangrupa hiji patokan pikeun ngahontal tujuan dina prakna ngalaksanakeun panalungtikan.

Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif , nya éta métode anu bisa ngungkulan pasualan anu aktual ku cara ngumpulkeun data, ngaklarifikasi data, nganalisis data tur nafsirkeun data (Surachmad, 1994:147). Metode panalungtikan ieu, dipaké pikeun meunangkeun gambaran tina fakta-fakta jeung sipat objék panalungtikan sacara sistematis, logis jeung faktual.

### 1.6.2 Téknik

Luyu jeung métode anu digunakeun, dina ieu panalungtikan ngagunakeun téknik observasi, wawancara (*interview*), jeung tala'ah pustaka.

1. Observasi digunakeun pikeun niténan langsung kalawan objéktif kana hiji kajadian atawa hiji proses, nya éta anu mangrupa observasi langsung ka tempat pikeun ngumpulkeun sisindiran téa anu aya di Désa Parumasan Kacamatan Sodonghilir Kabupatén Tasikmalaya.
2. Téknik wawancara (*interview*) digunakeun pikeun meunangkeun informasi sacara langsung ngaliwatan ti sababaraha informan atawa anu diwawancara ngeunaan sisindiran anu aya di Désa Parumasan Kacamatan Sodonghilir Kabupatén Tasikmalaya.
3. Tala'ah pustaka digunakeun pikeun néangan jeung nangtukeun dasar-dasar téoritis nu aya patalina jeung subjék panalungtikan anu keur ditalungtik.

### 1.7 Populasi jeung Sampel

Populasi nyaéta sakelompok jalma, barang atawa hal anu dijadikeun sampel panalungtikan (AL. Widyamartaya, 2000: 98). Dumasar kana éta pamadegan, populasi dina ieu panalungtikan nya éta ngagunakeun populasi wilayah, nu populasina éta wilayah téh dijadikeun sumber pikeun néangan éta data sisindiran.

Sampel nya éta sabagan leutik data panalungtikan anu dianggap bisa ngawakilan sakabéh data anu dianalisis pikeun meunangkeun informasi ngeunaan sakabéh data panalungtikan.

Sampel anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta sampel random. Nya éta satiap sampel dianggap boga kamungkinan anu sarua ngawakilan populasi, kamungkinan sarua nu saluyu jeung sarat mutu sumber data (Al. Widyamartaya jeung Veronica Sudiati, 2000: 99)

### 1.8 Sumber Data Panalungtikan

Sumber data dina panatungtikan téh bisa mangrupa sumber pustaka. Saperti dokumén buku atawa sumber tinulis séjéenna (Moleong, 1991:113).Anu dijadikeun sumber data dina ieu panalungtikan nya éta anu diwawancara téa. Anu tujuanana pikeun meunangkeun informasi ngeunaan sisindiran anu aya di Désa Parumasan Kacamatan Sodonghilir Kabupatén Tasikmalaya, Tuluy ké dikumpulkeun tur dijadikeun data pikeun dianalisis. Lian ti éta, sumber data nu laina bisa ogé tina tala'ah pustaka.

### 1.9. Instrumén Panalungtikan

Nutmukéun Arikunto (2002,126), instrumén nya éta alat bantu anu digunakeun ku panalungtik enggonging dina ngumpulkeun data, sarta supaya gampang tur hasilna ogé bisa leuwih hadé, dina harti leuwih gancang, lengkep jeung sistematis sangkan data leuwih gampang diolah.

Luyu jeung pamadegan di luhur, jadi instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta patalékan padoman wawancara (*interview*). Lian ti patalékan padoman wawancara, alat bantu anu séjénna nya éta ngagunakeun kaméra anu gunana nya éta pikeun dokuméntasi hasil panalungtikan.